

## BAB I BUBUKA

### 1.1. Kasang Tukang Panalungtikan

Basa diulik ku paélmuan husus nu disebut élmuning basa (linguistik), jadi basa téh mangrupa objék linguistik (Sudaryat, 2004:4). Patali jeung éra globalisasi nu beuki maju, kiwari kabutuh manusa kana basa beuki ngaronjat. Henteu saukur kabutuhan kana basana sorangan tapi ogé basa anu dipaké ku batur. Kamajuan téknologi manusa dina hirup kumbuh sapopoé mangaruhan kana widang élmu séjénna. Salah sahiji produk téknologi nya éta *internet (international network)*. Internét bisa nyadiakeun sagala informasi anu dibutuhkeun kalawan gancang tur gampang.


Manusa minangka mahluk panyatur (*homo fabulans*) salawasna ngabogaan kahayang pikeun nepikeun pikiranna ka manusa séjén kalawan ngaliwatan basa (Inta Sahrudin: 2007), hal éta mangaruhan kana beuki ngaronjatna kabutuhan interaksi masarakat hiji jeung masarakat séjén nu béda budaya sarta basana. Alatan kitu, kabutuhan pikeun mikanyaho basa séjén ogé milu ngaronjat. Ku kituna, para ahli téknologi nu bisa maca situasi éta nyieun hiji program tarjamahan otomatis anu bisa narjamahkeun hiji tulisan kalawan gancang, nu biasana disebut *translator otomatis* atawa *kamus on-line*.

Saha waé bisa ngaaksés kamus *on-line* kalawan gratis dina internet. *Kamus on-line* anu kiwari aya dina internét di antarana; *kamus online* basa Inggris-basa Indonesia jeung basa Indonesia-basa Inggris, aya ogé *kamus online* basa Indonesia-



basa Sunda dina alamat [www.sundanet.com](http://www.sundanet.com) jeung loka tarjamah otomatis basa Indonésia-basa Sunda dina <http://tarjamah.sabilulungan.org/> nu baris ditalungtik.

Situs <http://tarjamah.sabilulungan.org/> nya éta hiji situs anu nyadiakeun program loka tarjamah otomatis pikeun narjamahkeun basa Indonesia kana basa Sunda kalawan gancang tur praktis. Matéri nu dipidangkeun dina ieu situs nya éta; 1. Pangluhurna aya judul atawa jejer ieu situs Loka Tarjamah Otomatis Basa Indonesia-Basa Sunda 2. Teras atawa tampilan awal dijudulan kaca utama, 3. Kotak teks anu baris ditarjamahkeun tina bentuk basa Indonesia, 4. Hiji tombol anu fungsina pikeun méré paréntah narjamahkeun, 5. Hasil tarjamahan sanggeusna diproses, 6. Tempat daftar kecap nu teu aya dina kamus. Sangkan leuwih jéntré di handap dipidangkeun tampilan situs <http://tarjamah.sabilulungan.org/>.



Gambar 1.1. Tampilan situs <http://tarjamah.sabilulungan.org/>

Ku ayana ieu situs kabutuhan narjamahkeun basa Indonesia kana basa Sunda bisa kaungkulan. Carana kawilang gampang, urang tinggal ngasupkeun hiji tulisan atawa wacana anu baris ditarjamahkeun dina kotak nu disadiakeun, tuluy klik dina tombol 'kintun' dina waktu sababaraha detik atawa menit hasil tarjamahan langsung nyampak dina basa sasaran (Sunda).

Tékhnologi tarjamahan basa sacara otomatis saéstuna geus aya ti béh dituna kénéh. Numutkeun Arman (2004), basa téh bisa dibédakeun jadi dua rupa, ngawengku (1) basa alami, jeung (2) basa buatan. Basa alami nya éta basa nu ilahar digunakeun pikeun komunikasi jeung papadana, saperti basa Sunda, Indonésia, Jawa, jsté. Sedengkeun basa buatan nya éta basa nu dijieun husus pikeun nyukupan kabutuhan nu tangtu, saperti basa pemodélan atawa basa *pemrograman* dina komputer. Arman ogé nambahkeun yén Chomsky mangrupa jalma nu pangheulana ngarépréséntasikeun deui basa minangka susunan simbol. Chomsky geus hasil ningalikeun yén basa mana waé bisa dirépréséntasikeun ku hiji cara nu universal. Pamikiran Chomsky nu ngarépresentasikeun deui basa minangka kumpulan simbol-simbol geus muka gagasan pikeun ngalakukeun prosés basa sacara simbolik ngagunakeun téknologi komputer, nepi ka ngalahirkeun widang élmu *Natural Language Processing (NLP)*.

Tapi, NLP teu bisa dilarapkeun kitu waé, réa pisan halangan jeung harungan pikeun meunangkeun hasil tarjamahan nu sampurna sok komo ngandelkeun komputer. Nu jadi halangan téh contona: (1) ayana ambiguitas dina unggal level

implementasi unit jero basa, saperti sora, kecap, frasa, kalimat, nepi ka wacana, (2) jumlah sarta ma'na kandaga kecap ti waktu ka waktu salawasna robah luyu jeung kamekaran jaman.

Kahéngkéran samodél kitu nu katangén tina tarjamahan otomatis ieu, ku sabab loba kapanggih kasalahan-kasalahan dina narjamahkeun kecap-kecap tina basa Indonésia kana kalimah dina basa Sunda. Contona nalika urang ngetik kecap kantétan *rumah sakit* tarjamahna jadi imah gering, *kepala sekolah* tarjamahanna jadi sirah sakola atawa frasa *mau pergi* tarjamahna jadi daék indit. Tina éta hal katangen, yén pola narjamahkeun nu digunakeun nya éta pola narjamahkeun sacara harfiah (kecap per kecap).

Gurat badagna, tarjamahan bisa digolongkeun kana tilu kelompok. Nu kahiji nya éta narjamahkeun ku jalan kecap per kecap, kalawan tujuan supaya teu nyimpang tina basa sumber nu ditarjamahkeun. Usaha ieu dianggap paling konsekuen dina makéna kecap tarjamahan, tur paling konsékuen dina némbongkeun kasalahan. Tarjamahan modél kieu bisa disebut tarjamahan sacara harfiah. Nu kadua nya éta tarjamahan anu bentuk basana henteu kauger kana naskah sumberna atawa tarjamahan bébas, tapi maksudna nya éta pikeun medar intisari atawa ide poko nu aya dina naskah sumber. Pola tarjamah samodél kitu bisa jadi dianggap minangka pola anu paling gampang dipikaharti sabab di jerona ngawengku tafsiran panarjamah sorangan. Tarjamahan ieu bisa digolongkeun tarjamahan anu bébas atawa saduran. Golongan katilu nya éta tarjamahan anu ngacu kana kasaluyuan atawa *ekuivalensi*

antara basa sumber jeung basa nu dituju. Tarjamahan samodél kitu teu bisa digolongkeun kana tarjamahan harfiah sabab henteu didasaran ku jalan narjamahkeun kecap per kecap. Dina sisi séjén, tarjamahan samodél kitu ogé teu bisa disebutkeun minangka tarjamahan anu bébas sabab bentuk hasil tarjamahanna masih kauger ku ciri lahiriah naskah sumber. Tarjamahan samodél kitu bisa ogé disebut tarjamahan idiomatik. Tarjamahan idiomatik bisa disebutkeun minangka pola tarjamahan anu posisina aya di tengah tengah antara pola tarjamah harfiah jeung pola tarjamah anu bébas. (Anton M. Moeliono, 1989:55:56)

Gejala kasalahan basa éta kudu jadi bahan perhatian pikeun urang salaku ahli basa, sabab tétéla anu nyieun program kamus-*online* nu aya dina internet kiwari lolobana ahli dina widang teknologi lain kabasaan.

Patali jeung éta hal, panalungtikan ieu baris maluruh kasalahan basa dina kamus-*online* <http://tarjamah.sabilulungan.org/> sacara gembleng. Anu baris dipaluruh di antarana; kasalahan basa dina ma'na leksikal kecap, kasalahan basa dina ma'na leksikal frasa, kasalahan basa dina ma'na leksikal idiom.

Sudaryat (2003: 54), nétélakeun yén harti leksikal nya éta harti unsur-unsur basa nu mangrupa lambang barang, hal, kajadian kanyataan jeung saterusna. Harti leksikal mangrupa harti nu dipimilik ku unsur-unsur basa kalawan bébas atawa henteu kauger ku ungkara atawa konteks makéna. Sok aya nu nyebutkeun yén harti leksikal téh harti nu aya dina kamus.

Sedengkeun Abdul Chaer (2003: 289) nétélakeun yén ma'na Leksikal nya éta:

*Makna yang dimiliki atau ada pada leksem meski tanpa konteks apapun. Misalnya, leksem kuda memiliki makna leksikal 'sejenis binatang berkaki empat yang biasa dikendarai' pensil bermakna leksikal 'sejenis alat tulis yang terbuat dari kayu dan arang' dan air bermakna leksikal 'sejenis barang cair yang biasa digunakan untuk keperluan sehari-hari'. Dengan contoh itu dapat pula dikatakan bahwa makna leksikal adalah makna yang sebenarnya, makna yang sesuai dengan hasil observasi indera kita, atau makna apa adanya.*

Jadi nalika urang maluruh kasalahan basa dina palebah ma'na leksikalna sarua hartina jeung urang nalungtik ma'na sabenerna éta basa luyu jeung hasil observasi indera urang, tapi dina tarjamah otomatis nya éta narjamahkeun hiji kecap kana padanan kecap anu ma'na leksikalna sarua atawa hampir sarua, saperti dina kamus *dwi bahasa*.

Perluna analisis kasalahan basa dina loka tarjamah otomatis dina internét sajabana mangrupa fénoména kamekaran élmu basa nu perlu diaprésiasina, ogé bisa dijieun tatapakan pikeun nyieun hiji pola narjamahkeun anu éféktif nepi ka jalma leuwih babari meunangkeun informasi. Nilik éta hal, panalungtikan anu dijudulan "Analisis Kasalahan Basa dina Loka Tarjamah Otomatis Basa Indonésia-Basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/>" perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Alamat situs <http://tarjamah.sabilulungan.org/> diakses ku masarakat anu butuh pikeun narjamahkeun basa Indonésia kana basa Sunda. Masarakat anu awam pisan kana basa Sunda tinangtu bakal *mengonsumsi* informasi ngeunaan basa Indonesia nu

ditarjamahkeunna kana basa Sunda sacara gembler sabab kurangna pangaweruh kana basa Sunda, hal ieu kacida bahayana pikeun kalumangsungan basa Sunda sabab bisa ngabalukarkeun *miss information* jeung *miss understanding*.

Ieu panalungtikan baris medar ngeunaan kasalahan basa nu ditarjamahkeun. Tapi ku sabab ambahan kasalahan basa lega teuing jadi masalah ieu diwatesanan ngan nalungtik analisis kasalahan basa dina loka tarjamah otomatis basa Indonésia-basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/> anu ngawengku: kasalahan ma'na léksikal kecap, kasalahan ma'na frasa jeung kasalahan ma'na idiom.

### 1.2.2. Rumusan Masalah

Sangkan leuwih tétéla, watesan masalah di luhur téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya saperti ieu di handap;

- a. Kumaha pola narjamahkeun dina loka tarjamah otomatis Basa Indonesia-Basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/?>
- b. Kasalahan naon waé nu nyampak dina loka tarjamah otomatis Basa Indonesia-Basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/?>
- c. Kumaha makéna UUBS dina loka tarjamah otomatis Basa Indonesia-Basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/?>
- d. Sabaraha perséntase tingkat akurasi narjamahkeun loka tarjamah otomatis Basa Indonesia-Basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/?>

### **1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan**

#### **1.3.1 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun

- a. pola narjamahkeun dina loka tarjamah otomatis basa Indonesia-basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/>,
- b. kasalahan nu nyampak dina loka tarjamah otomatis basa Indonesia-basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/>, jeung
- c. perséntaseu tingkat akurasi narjamahkeun loka tarjamah otomatis basa Indonesia-basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/>.

#### **1.3.2. Mangpaat Panalungtikan**

Hasil tina ieu panalugtikan dipiharep bisa méré mangpaat, di antarana waé:

- a. méré informasi kumaha pola narjamahkeun dina loka tarjamah otomatis basa Indonesia-basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/>,
- b. méré solusi anu hadé pikeun nyieun pola tarjamah otomatis,
- c. nambahan referensi panalungtikan kasalahan basa séjénna,
- d. nambahan informasi ngeunaan tingkat akurasi dina loka tarjamah otomatis basa Indonesia-basa Sunda <http://tarjamah.sabilulungan.org/>, jeung
- e. jadi bahan sawala para ahli jeung pemerhati basa Sunda.



#### 1.4. Anggapan Dasar

Anggapan dasar mangrupa téori atawa pamadegan nu dijadikeun tatapakan hiji panalungtikan, sarta éta téh mangrupa cecekelan anu teu kudu dipasualkeun deui bener atawa salahna, tapi prinsipna kudu bisa ditarima ku saha baé tanpa kalawan diuji heula. Ku kituna, ieu panalungtikan téh neueur kana sababaraha anggapan dasar ieu di handap:

- a) basa Sunda tumuwuh luyu jeung kamajuan jaman,
- b) sakabéh basa, sakumaha héséna bisa ditarjamahkeun,
- c) pola narjamahkeun idiomatik bisa dijieun pamarekan pikeun maluruh kasalahan narjamahkeun sacara harfiah.

#### 1.5. Wangenan Operasional

Patali jeung ieu panalungtikan, aya sababaraha istilah nu perlu ditétélakeun. di antarana nya éta analisis, kasalahan basa, loka tarjamah otomatis, jeung situs [/http://tarjamah.sabilulungan.org/](http://tarjamah.sabilulungan.org/)

(1) **Analisis** nya éta cara pikeun maluruh hiji informasi anu can kanyahoan bener henteuna. Pikeun mikanyaho informasi séjén anu anyar. Dina linguistik, analisa atawa analisis nya éta kajian nu dilaksanakeun kana hiji basa pikeun nalungtik struktur basa éta sacara jero.

(2) **Kasalahan Basa** nya éta kasalahan anu dilantarankeun ku kabiasaan makéna basa (*language habit*) anu salah nu matak jadi sabab kasalahan *berbahasa (language error)*. Dina nerjemahkeun otomatis, kasalahan basa

bisa aya ku sabab pola tarjamah anu teu cocok nu ngalantarankeun basa hasil tarjamahan salah sacara ma'na leksikal.

(3) **Loka Tarjamah Otomatis** nya éta hiji program anu fungsina pikeun ngubah atawa *mentransliterasikan* basa hiji kana basa séjén. Biasana aya dina internét jeung disebut ogé *kamus-online*.

(4) <http://tarjamah.sabilulungan.org/> nya éta hiji alamat situs anu bisa diaksés ku saha waé di sakuliah dunya pikeun narjamahkeun Basa Indonésia kana Basa Sunda.

